दिन—गुरूवार | दिनांक—05.03.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ | अवधिः—05 मिनट

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार राज्सभा चुनावक लेल आइ अपन नामांकन कयलनि अछि। श्री कुमार बिहार विधानसभा कार्यालय मे नामांकन कयलनि। एहि दरमियान केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह, भाजपाक राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नवीन, केन्द्रीय मंत्री ललन सिंह आ जीतनराम मांझी उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा सहित आन वरिष्ठ नेता सम्मिलित भेलाह। मुख्यमंत्री आइ सोशल मीडिया पर कहलनि जे बिहार विधानसभाक दुनू सदनक संग संसदक दुनू सदनक सदस्य बनबाक हुनक सदति सँ इच्छा छल। एहि क्रम मे ओ राज्यसभा जा रहलाह अछि। ओ बिहारक जनता के विश्वास दियौलनि जे हुनक संग संबंध भविष्यहुं मे बनल रहत। मुख्यमंत्री कहलनि जे बिहारक नव सरकार के हुनक पूरा सहयोग आ मार्गदर्शन भेटत।

---

एहि मध्य भाजपाक राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नवीन आ प्रदेश महामंत्री शिवेश कुमार राज्यसभाक लेल अपन पर्चा दाखिल कयलनि। ओतहि, जदयूक रामनाथ ठाकुर आ राष्ट्रीय लोक मोर्चाक प्रमुख उपेन्द्र कुशवाहा सेहो अपन नामांकन कयलनि। एम्हर, महागठबंधन प्रत्याशीक दिस सँ राजदक अमरेन्द्रधारी सिंह अपन नामांकन दाखिल कयलनि। बिहारक पांच सीट पर भऽ रहल राज्यसभाक चुनावक लेल नामांकन पत्रक जांच काल्हि कयल जायत। उम्मीदवार नओ मार्च धरि अपन नाम वापस लऽ सकैत छथि। एहि सीट सभक लेल मतदान सोलह मार्च कऽ होयत आ परिणाम ओही दिन घोषित कऽ देल जायत।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार के दिस सँ राज्यसभाक लेल नामांकन करबा पर भाजपा नेता लोकनि हुनका बधाई देलनि अछि। उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी विश्वास जतौलनि जे नीतीश कुमार के अनुभव आ नेतृत्व सँ राज्यसभाक गरिमा आओर सुदृढ होयत। ओतहि, उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा कहलनि जे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार के सुशासनक मजगूत परंपरा आ बिहारक विकासक प्रति निरंतर समर्पण पूरा देशक लेल प्रेरणाक स्रोत अछि। पार्टीक प्रदेश

अध्यक्ष संजय सरावगी मुख्यमंत्री के बधाई दैत कहलनि जे हुनक व्यापक अनुभव, संतुलित दृष्टि आ जनहितकारी विचार सँ राज्यसभाक गरिमा के नव दिशा भेटत।

———————————————————————

राजद नेता तेजस्वी प्रसाद यादव मुख्यमंत्री नीतीश कुमार के राज्यसभा चुनावक लेल नामांकन पर कहलनि जे ई पहिनहि सँ तय छल। श्री यादव कहलनि जे ओ प्रारंभहि मे कहने छलाह जे चुनावक बाद नीतीश कुमार के भाजपा मुख्यमंत्रीक पद पर नहि रहऽ देत।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार के राज्सभाक लेल नामांकन कयल जयबा पर बिहार कांग्रेसक दिस सँ सेहो प्रतिक्रिया सोझा आयल अछि। कांग्रेस मीडिया विभागक अध्यक्ष राजेश राठौर आरोप लगौलनि जे भाजपाक शीर्ष नेतृत्व नीतीश कुमार के सत्ता सँ हटेबाक षड़यंत्र रचलक अछि। ओतहि, पार्टीक पूर्व प्रदेश अध्यक्ष अखिलेश प्रसाद सिंह कहलनि जे मुख्यमंत्री भाजपाक राजनीति मे फंसि गेलाह अछि।

———————————————————————

जदयूक वरिष्ठ नेता के.सी त्यागी कहलनि जे नीतीश युगक कखनहुं अंत नहि भऽ सकत। श्री त्यागी कहलनि जे नीतीश कुमार नव बिहार बनेबाक काज कयलनि अछि। ओ जनौलनि जे मुख्यमंत्री के राज्यसभा जयबा सँ संसदक उच्च सदनक गरिमा बढ़त आ बहस के स्तर सेहो उच्च होयत।

———————————————————————

पश्चिमी एशिया मे जारी स्थितिक मध्य एयर इंडिया यात्री सभक लेल पैघ राहतक घोषणा कयलक अछि। एयर इंडिया कहलक अछि जे प्रभावित यात्री सभ के बिना कोनो अतिरिक्त शुल्क के अपन यात्राक तारीख बदलबा या टिकट रद्द करबा पर पूरा रिफंड लेबाक सुविधा देल जायत। ई सुविधा एहि वर्ष अठाईस फरवरी या ओहि सँ पहिने कयल गेल सभ कन्फर्म बुकिंग पर लागू होयत।

———————————————————————

मधुबनी जिलाक फुलपरास थाना क्षेत्र अंतर्गत एनएच– सत्ताईस के परसा चौक लऽग दू वाहनक टक्कर मे एक महिला सहित पांच लोकक मृत्यु भऽ गेल। गंभीर रूप सँ घायल दू आन के इलाजक लेल डीएमसीएच दरभंगा मे भर्ती कराओल गेल अछि। एम्हर सुपौल जिलाक ललित ग्राम थाना क्षेत्रक एनएच–सत्ताईस पर तेज गतिक मोटरसाईकिल के सड़कक कात रेलिंग सँ टकरैबा सँ दू युवकक मृत्यु भऽ गेल।

———————————————————————

आईसीसी टी–ट्वेंटी क्रिकेट विश्वकपक दोसर सेमीफाइनल मोकाबिला आइ मुंबई के वानखेडे स्टेडियम मे भारत आ इंग्लैंडक मध्य होयत। ई मैच सांझ सात बजे सँ खेलाएल जायत।

———————————————————————

समाप्त